


Lèt pou lafanmi

Chè elèv ak fanmi elèv la,

Pandan tout ane pase, nou wè kouman matematik fonksyonnen nan plizyè sitiyasyon. Nan chapit sa a, nou pral etidye pi afon kijan pou nou itilize done, menm done ki nan plizyè sitiyasyon lavi reyèl. Nou pral itilize tablo pou òganize done yo, chèche tandans ki genyen yo, epi dedwi konklizyon. Nou pral itilize afich, ansanm ak kat ki dekri istwa sou epidemi kolera nan vil Lond lan. Nou pral sèvi ak kat la pou nou rasanble prèv pou nou ka detèminen kote epidemi a kòmanse.



Copyright 1991 National Geographic Society Publications Art

Nan dezyèm mwatye chapit la, nou pral itilize *modèl matematik*. Pa egzanp, nou pral itilize ekwasyon pou reprezante ogmantasyon nan popilasyon epi pou fè prediksyon. Nou pral sèvi ak yon tablo pou nou analize yon biznis, epi nou pral itilize yon modèl popilasyon pou nou ka dekouvri kijan moun ki sèvi ak men goch ka chanje de yon jenerasyon a yon lòt.

Kisa w ka fè lakay ?

Ou ka mande elèv ou an kesyon sou epidemi kolera nan Lond oubyen sou lòt sitiyasyon li pral aprann analize. Ou ka vle pou nou eksplòre ansanm enfòmasyon sou jounal epi pou nou chèche ansanm regilarite : Èske gen regilarite nan tanperati ki prezante sou kat meteyowolojik la ?

